

2 mas 2021

Chè fanmi,

Vandredi pase a, mwen te anonse nou m ap demisyone pita nan mwa sa a, pou pase privilèj ak responsablite a bay Chanselye Meisha Porter, yon veteran k ap travay depi 20 ane nan DOE, ki kounye ap sèvi kòm Sipèentandan Egzekitif Bronx . Pandan Sipèentandan Egzekitif Porter ak mwenmenm ap travay ansanm sou tranzisyon an, mwen vle asire w ke ou okouran kèk opòtinite enpòtan k ap vini nan kèk semèn.

Premyèman, mwen kontan anpil dèke nou finalman reouvri lekòl presegondè nou yo pou aprantisaj anpèsòn. Sa a se yon etap enpòtan mwen pat ka tann epi mwen te kontan ale nan lekòl presegondè pou wè travay di elèv ak pwofesè nou yo ap fè nan salklas ansante, san danje, avèk sipò. Menm jan avèk lekòl primè nou yo, tout lekòl presegondè yo teste 20 pousan elèv ak anlwaye chak semèn. Menm jan nan klas primè nou yo, elèv lekòl presegondè yo dwe bay konsantman tou pou tès COVID-19 pou pi ta premye jou yo pwograme pou aprantisaj anpèsòn lan. Ou ka fè sa atravè kont lekòl NYC ou a nan mystudent.nyc.

Nou tout ap travay di pou reouvri lekòl segondè nou yo pi vit posib. Konsantrasyon prensipal nou rete pou asire nou gen tout prekosyon sekirite an plas, epi nou pral anonse yon delè byento.

Pandan n ap antre nan dènye mwa ane lekòl yo, mwen kontan ofri plizyè pwogram ak opòtinite pou sipòte oumenm ak timoun ou yo. Nan mizajou pou fanmi sa a, w ap jwenn enfòmasyon ak resous enpòtan sou:

- Preparasyon pou konferans pwofesè paran
- Aplikasyon pou Pre-K ak 3-K pou otòn 2021
- Patisipasyon nan aktivite "Byennèt nan wikenn" pou fanmi ak kominote

Mwen reyalize nou tout ap fè eksperyans fatig pandemi, men lè mwen wè sa elèv nou yo ap akonpli—ni anpèsòn ni adistans—mwen sonje poukisa nou tout nou te travay di konsa a nan 11 mwa ki sot pase yo. Pwomès mwen anve oumenm rete jodi a menm jan li te ye lè mwen te kòmanse dirije sistèm lekòl ki fè plis inovasyon nan nasyon an: ke nou tout nan Depatman edikasyon an ap kontinye bay pi bon edikasyon posib pou tout elèv nou yo, nan anviwònman ki pi an sekirite posib la.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza
Chanselye
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk

Mizajou pou fanmi, 2 mas 2021

Preparasyon pou konferans paran pwofesè

Kòmanse **Mèkredi 3 mas**, lekòl leta nan senk borough yo pral òganize dezyèm tou konferans paran pwofesè ane sa a adistans. Pwofesè pitit ou a ap travay avèk ou pou pran randevou pou yon konferans nan yon lè ki konvenab pou nou toude.

Yo pral lage pitit ou a twazèdtan pi bonè nan dat lè lekòl li gen konferans nan apremidi.

Konferans paran pwofesè yo bay fanmi gwo opòtinite pou pale avèk pwofesè sou sa pitit yo ap fè eksperyans ak ap aprann nan lekòl la. Reyinyon kout sa yo tou bay fanmi ak pwofesè chans pou pale sou fason pou sipòte aprantisaj elèv yo andeyò salklas la.

Nou ankouraje w itilize tan sa a pou konsantre sou nenpòt difikilte oswa enkyetid pitit ou ta ka ap fè fas nan lekòl pandan nap apwoche dènye mwa yo nan ane lekòl la.

Men orè pou konferans prentan yo:

- 3 mas: Lekòl primè ak lekòl K–8, Konferans nan aswè
- 4 mas: Lekòl primè ak K–8, Konferans nan apremidi
- 10 mas: Lekòl presegondè ak lekòl ak pwogram D75, Konferans nan aswè
- 11 mas: Lekòl presegondè ak lekòl ak pwogram D75, Konferans nan apremidi
- 18 mas: Lekòl segondè, K–12, ak lekòl 6–12, Konferans nan aswè
- 19 mas: Lekòl segondè, K–12, ak lekòl 6–12, Konferans nan apremidi

Tanpri sonje:

- Dat ak lè sa yo ka varye selon lekòl la ak nivo klas la. Nou rekòmande pou kontakte pwofesè pitit ou a oswa administrasyon lekòl ou a pou konfime dat ak lè konferans lekòl ou a nan mwa sa a.

Pou konsèy ak kòman pou pran plis avantaj nan konferans paran ak pwofesè yo, ale nan schools.nyc.gov/ptc, oswa nan blòg ofisyèl DOE a [The Morning Bell](https://www.nyc.gov/blogs/morningbell).

Si ou bezwen èd pou teknoloji, Paran Inivèsite ofri kou gratis sou kòman pou sèvi avèk platfòm tankou Microsoft Teams, Translator, ak zouti aksè li yo pou patisipe nan konferans paran pwofesè a. La a, ou ka jwenn tou videyo Google sou sijè tankou ki jan pou jwenn aksè nan Google Meet apati yon Calendar invite ak ki jan yo tradui soutit ak chat nan Google Meet. Ale nan Inivèsite Paran an nan parent.schools.nyc pou plis enfòmasyon.

Aplike pou Pre-K ak 3-K pou otòn 2021

Timoun ki nan klas 3-K ak Pre-K for All jwenn yon depa solid nan lekòl ak nan lavi. Yo aprann rezoud pwoblèm, poze kesyon, ak eksplòre mond ki antoure yo. Kounye a plis pase avan, pwogram 3-K ak PreK forAll yo la pou ofri timoun nan tout Vil Nouyòk yon kominote aprantisaj ki sennesof, agreyab.

Peryòd aplikasyon Pre-K for All pou ane akademik 2021–2022 a kòmanse kounye a, epi delè pou aplike a se **7 avril 2021**. Tout fanmi Vil Nouyòk ki gen timoun ki fèt an 2017 ka aplike. Gen yon plas pre-K pou chak timoun katran; voye yon aplikasyon pou gen plis chans pou jwenn yon òf nan yon pwogram ou vle. Jwenn plis enfòmasyon nan schools.nyc.gov/prek.

Peryòd aplikasyon 3-K for All pou ane akademik 2021–2022 a kòmanse kounye a tou, epi delè pou aplike a se **30 avril 2021**. Tout fanmi Vil Nouyòk ki gen timoun ki fèt an 2018 ka aplike. Gen plis enfòmasyon nan schools.nyc.gov/3K.

- Nan otòn 2021, y ap ofri pwogram 3-K for All nan distri 1, 4, 5, ak 6 (Manhattan); 7, 8, 9, ak 12 (Bronx); 14, 16, 19, 23, ak 32 (Brooklyn); 27 ak 29 (Queens); ak 31 (Staten Island). Timoun ki abite nan distri 3-K yo gen priyorite pou ale ladan yo, men fanmi nan nenpòt distri byenveni pou aplike (ou ka jwenn distri lekòl ou an lè w rele 311 oswa ale nan schools.nyc.gov/Find-a-School).
- Nan chak distri, gen pwogram 3-K ki disponib pou fanmi ki kalifye yo dapre revni ak bezwen yo. Pwogram sa yo, ladan Head Start, gratis oswa bon mache epi yo ofri swen pandan tout ane a pou jiska 10 èdtan pa jou.

Ou ka aplike pou 3-K oswa pre-K nan youn nan mwayen sa:

- **Sou entènèt avèk MySchools.nyc**. Opsyon sa a disponib 24 sou 24, 7 sou 7 nan lang Anglè, Arab, Bangla, Chinwa, Fransè, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Ris, Panyòl, ak Oudou.
- **Pa telefòn nan 718-935-2009**. Rele nou Lendi rive vandredi, 8am – 6pm. Sipò pou lang yo disponib nan telefòn pou plis pase 200 lang.

Patisipasyon nan Byennèt sante pou fanmi

Biwo pwogram Office of School Wellness kolabore avèk Hip Hop Public Health (hhph.org) pou ofri yon seri aktivite gratis, chak mwa an twa pati lè Samdi maten, Weekend Wellness: Swen pèsònèl pou kominote ak fanmi. Nou ankouraje tout moun pou patisipe nan aktivite sa yo k ap fèt lè Samdi maten soti nan 10:30 a.m. jiska 11:30 a.m.:

- **20 mas:** Sante mantal ak aktivite fizik
- **24 avril:** Rasis ak koneksyon avèk sante/estrès

Pou plis enfòmasyon ak pou enskri pou aktivite sa yo, ale nan conta.cc/3u8lqOU.